



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE PRÈSKE 42 MILYON DOLA SIBVANSYON POU FÈ AMELYORASYON NAN ENFRASTRIKTI DLO NAN REJYON KAPITAL LA YO**

***Sibvansyon an yo ap Favorize 130 Milyon dola nan Envestisman Pou Bon Jan Kalite Dlo, ki pral Pèmèt Kontribiyab nou yo Ekonomize 89 Milyon dola***

***Envestisman an pral Sipòte Kreyasyon Prèske 2,000 Djòb***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 41.5 milyon dola sibvansyon pou sipòte 20 pwojè enfrastrikti dlo minisipal enpòtan nan Rejyon Kapital la. Finansman sa a reprezante 89.4 milyon dola kontribiyab yo ap ekonomize epi l ap sipòte kreyasyon prèske 2,000 djòb. Y ap finanse sibvansyon sa yo atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo trè reyisi eta a (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) ak pwogram Sibvansyon Entèminisipal yo (Intermunicipal Grant, IMG).

“Envestisman k ap fèt nan enfrastrikti dlo eta nou yo enpòtan anpil pou kwasans ak pwosperite rejyonal ak pou mentni kominote ki an sekirite ak an bòn sante”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou amelyore enfrastrikti dlo nou yo, nou ap pwoteje resous natirèl nou yo, sa k ap poze fondasyon pou pwosperite alavni epi k ap ede kreye yon New York ki pi solid, ki pi an sante pou tout moun.”

“Li enpòtan anpil pou nou asire ke dlo potab nou an yo pa gen kontaminan epi yo salib pou tout Nouyòkè yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Envestisman sa a k ap fèt nan sibvansyon pou amelyorasyon enfrastrikti nan Rejyon Kapital la yo pral reponn a bezwen ki genyen pou amelyore ak pwoteje kalite dlo yo, epitou l ap ede kreye plis pase 1,000 djòb nan zòn lan. Nou vle asire ke kominote yo gen resous yo bezwen pou yo fè modènizasyon nan sistèm tretman dlo yo epi garanti sante ak sekirite tout rezidan yo.”

Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) 2017 Gouvènè a te dedye 2.5 milya dola pou pwoteje kalite dlo yo toupatou atravè New York. Anons jodi a fè pati yon total 270 milyon dola sibvansyon yo ap akòde kominote toupatou atravè eta a yo, ki gen ladan plis pase 19 milyon dola pou sipòte pwojè k ap abòde syantotoksin ki asosye ak pwoliferasyon alg toksik yo (harmful algal blooms, HABS), ak sibvansyon 15 milyon dola ototal yo te anonse avan ke yo te bay pou pwojè k ap abòde pwoblèm kontaminan tankou Asid Pèfliyowoktanoyik (Perfluorooctanoic acid, PFOA), Asid Pèfliyowoktansilfonik (Perfluorooctanesulfonic acid, PFOS), ak 1,4 dyoksàn lan yo.

Jiskaprezan, gen 750 milyon dola nan kad Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo a ak finansman Sibvansyon Entèminisipal yo k ap sipòte prèske 2.65 milya dola nan depans pwojè ototal pou pwojè enfrastrikti dlo potab ak dlo ize enpòtan k ap fèt toupatou atravè eta a yo. Melanje ak finansman prè san enterè oswa prè ki gen enterè fèb atravè Environmental Facilities Corporation lan, kontribiyab New York yo pral ekonomize prèske 1.8 milya dola yo. Anplis, yo prevwa pwojè sa yo pral sipòte plis pase 47,000 djòb nan sektè konstriksyon, apwovizyonman ak sektè sèvis la.

Minisipalite nan Rejyon Kapital la yo k ap resevwa sibvansyon yo, ki gen ladan 741,000 dola pou yon pwojè k ap reponn a pwoblèm nouvo kontaminan yo, se:

<b>Sibvansyon WIIA/IMG</b>	<b>Benefisyè Sibvansyon an</b>	<b>Konte</b>	<b>Estimasyon Montan Depans pou Pwojè a</b>	<b>Estimasyon Montan Sibvansyon yo Resevwa</b>
Dlo Pwòp	Albany MWFA	Albany	\$10,007,874	\$1,512,792
Dlo Potab	Berlin, Town of	Rensselaer	\$2,497,000	\$1,498,200
Dlo Potab	Bolton, Town of	Warren	\$1,500,000	\$900,000
Dlo Potab	Clifton Park Water Authority	Saratoga	\$1,123,750	\$674,250
Dlo Pwòp	Columbia County	Columbia	\$9,197,000	\$2,299,250
Dlo Potab	Coxsackie, Village of	Greene	\$5,000,000	\$3,000,000
Dlo Pwòp	Duanesburg, Town of	Schenectady	\$1,747,178	\$436,795
Dlo Pwòp	Germantown, Town of	Columbia	\$2,500,000	\$625,000
Dlo Pwòp	Glens Falls, City of	Warren	\$3,261,834	\$815,459
Dlo Potab	Greenville, Town of	Greene	\$1,845,300	\$1,107,180
Dlo Potab	Greenwich, Village of	Washington	\$6,337,000	\$3,000,000
Dlo Potab	Mechanicville, City of	Saratoga	\$255,000	\$153,000
Dlo Pwòp	Moreau, Town of	Saratoga	\$16,000,000	\$4,000,000
*Dlo Potab	Petersburgh, Town of	Rensselaer	\$1,234,950	\$740,970
Dlo Potab	Ravena, Village of	Albany	\$3,970,000	\$2,382,000
+Dlo Potab	Saratoga County Water Authority	Saratoga	\$7,943,342	\$3,177,337
Dlo Pwòp	Schenectady, City of	Schenectady	\$12,086,000	\$3,021,500
Dlo Potab	South Glens Falls, Village of	Saratoga	\$2,700,000	\$1,620,000

Dlo Pwòp	South Glens Falls, Village of	Saratoga	\$2,000,000	\$500,000
+Dlo Potab	Troy, City	Rensselaer	\$39,343,000	\$10,000,000
		<b>TOTALS:</b>	<b>\$130,549,228</b>	<b>\$41,463,733</b>
+Pwojè IMG a *Pwojè ki gen Rapò ak Nouvo Kontaminan yo				

Yon kat jewografik ki bay tout detay enfòmasyon pwojè a disponib [isit la](#).

**Sabrina Ty, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Environmental Facilities Corporation Eta New York lan, te deklare,** “Anba Gouvènè Cuomo, Eta New York ap trase chemen an pou nasyon an nan investisman k ap fèt nan enfrastrikti dlo yo. Environmental Facilities Corporation lan fyè paske nou kapab ofri finansman konsiderab pou kominote ki gen bezwen yo. Nou ap ede sekirize yon resous ki enpòtan anpil pou Nouyòkè ki la jodi a yo ak jenerasyon k ap vini yo”.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) Eta New York la, Basil Seggos te di,** “Sou direksyon Gouvènè Cuomo, New York kontinye rete yon lidè anviwònmanal nan efò k ap fèt pou pwoteje resous dlo presye nou yo. Finansman sa a pral amelyore kalite dlo yo, pwomouvwa devlopman ekonomik, epi ofri amelyorasyon enfrastrikti dlo yo byen bezwen yo pandan n ap konbat nouvo pwoblèm kalite dlo yo ki gen ladan pwoliferasyon alg toksik yo ak kontaminan tankou PFOA, PFOS, ak 1,4 dyoksàn lan yo”.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la (New York State Health), Doktè Howard A. Zucker, te deklare,** “Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Eta New York te pran angajman san presedan anvè finansman pou reyalize modènizasyon nan enfrastrikti yo ak teknoloji filtrasyon depwent k ap pwoteje dlo potab yo pou yo rete pwòp ak efikas pandan anpil deseni k ap vini ankò. Pwoteksyon resous dlo nou yo se yon eleman esansyèl nan efò n ap fè pou n mentni sante ak byennèt kominote toupatou atravè eta a yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)